

COMMONWEALTH MASSACHUSETTS LA
BIWO EGZEKITIF ENÈJI AK ZAFÈ ANVIWÒNMANTAL
AVI SOU ODYANS/REYINYON PIBLIK LA

Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal Massachusetts la ap òganize yon odyans/reyinyon piblik sou amannman yo pwopoze pou 301 CMR 41.00: Lis Sibstans Toksik oswa Danjere yo jan Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Toksik la oterize li a (TURA, G.L. c. 21I). **Tanpri sonje ke odyans/reyinyon sa a pral fèt adistans(Anliy).**

Amandman sa yo pral ajoute nèf sibstans par- ak polifluoroalkil (PFAS) nan Lis TURA a, dapre yon vòt Konsèy Administratif sou Rediksyon Itilizasyon Toksik la te fè nan dat 21 Me 2025 la. USEPA te ajoute sibstans sa yo nan Envantè Liberasyon Toksik federal la (TRI) anba Seksyon 313 EPCRA an 2024. G.L. c. 21I, § 9 egzije pou Konsèy Administratif la ajiste Lis TURA a chak ane pou ajoute sibstans ki konsistan avèk chanjman nan lis TRI a.

Yon odyans/reyinyon piblik pral fèt sou Zoom apati de 2:00 PM - 4:00 PM Vandredi 14, Novanm 2025 la, pou resevwa kòmantè sou amandman yo pwopoze a. Temwayaj yo ka prezante oralman nan odyans/reyinyon an oubyen yo ka soumèt yo alekri. Enfòmasyon pou w patisipe nan reyinyon an anba a:

Patisipe nan Reyinyon Webinè Zoom nan: <https://zoom.us/j/93503027671>

#ID Webinè a: 935 0302 7671

Chèche nimewo lokal ou a: <https://zoom.us/u/acLDWywvcd>

N ap genyen entèpretasyon similtane disponib nan reyinyon vityèl la, ap gen entèpretasyon nan ASL (Lang Siy Ameriken), epi nan lang sa yo tou: Espanyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamyen.

N ap pran temwayaj alekri jiska 5 PM nan dat 14 Novanm 2025. Ou ka soumèt temwayaj alekri pa imèl bay Tiffany Skogstrom nan tiffany.skogstrom@mass.gov oubyen voye l pa lapòs bay: Tiffany Skogstrom, Executive Director, TURA Administrative Council, Executive Office of Energy and Environmental Affairs, 100 Cambridge Street, 10th Floor, Boston, MA 02114. Kopi règleman yo pwopoze a disponib sou sitwèb Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal la nan <https://www.mass.gov/tura-regulations-and-amendments>, oubyen ou ka jwenn li si w rele voye yon imèl bay Tiffany Skogstrom nan 857-275-1561.

Akomodasyon rezonab pou moun ki gen yon dezabilite/andikape disponib sou demann. Pou soumèt yon demann pou yon akomodasyon, tanpri voye yon imèl bay eeadiversity@mass.gov oswa rele nan 617-872-3270, epi yon Kowòdonatè ADA ap resevwa demann ou an. Tanpri mete yon deskripsyon nan demann lan ak otan detay ke posib paske sa se yon fason nou ka kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon nan men w. Tanpri fè nou konn sa omwen de (2) semèn (14 jou) davans. N ap aksepte demann a dènye minit men nou ka pa ka reponn a bezwen demann lan.

Tradiksyon avi sa a disponib nan lang sa Espanyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamyen sou <https://www.mass.gov/tura-regulations-and-amendments>.

This document contains important information. Please have it translated immediately.

В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.

Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.

هامة معلومات على الوثيقة هذه تحتوي
فورًا ترجمتها يرجى.

Dokiman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.

Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.

Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.

此文件含有重要信息。
请立即找人翻译。

본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.

Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.

ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສໍາຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ລ່າສັບ.

ឯកសារនេះមានຂໍ້ມູນສໍາຄັນ

ສូមບັກປຸກປາບຊາສ່ຳ

Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.